

# KCS CONNECT

Fall 2020

## Programa yo kwigira k'umurongo mu mashuri abanza Igitabo c'umunyeshuri n'umuvyeyi

Guhera mu kwezi kwa Munani, 2020, amashuri ya Knox County azotangura programa nsha izoha abanyeshuri bayo bose uburyo bwo kwigira k'umurongo. Twaramenye ko imiryango myinshi yahuye n'ingorane za COVID-19 haba mu kugwara, kufata miti canke guhangayika, turizera ko abana ubu bazoshobora kwigira neza kuri kompiyuta bari muhira. Ivyigwa vyo ku murongo bizoba vyujuje neza ingingo n'integuro state na district bisaba kandi bizokwigishwa iminsi yose nkuko vyigishwa mu mashuri yacu ya district. Icakora, ntidushobora gukora vyose nkuko twari dusanzwe tubikora mu mashuri asanzwe, abanyeshuri bo muri K- 5 bazokwigishwa ivyo bakeneye bibategura kuzokomeza amashuri.

### KUBONA IVYIGWA K'UMURONGO

#### **Abanyeshuri ba KCS bafise uburyo bubiri butandukanye bwo gushobora kwigira ku murongo.**

- **Kwigira ku murongo**— Tuzokora uko dushoboye kose, ishuri ryose rya elementary rizobe rifise uburyo bwo kwigishiriza k'umurongo. Umunyeshuri azoba ari muhira ashobore kubona inyigisho kuri kompiyuta. Abanyeshuri bazokomeza babe banditse mw'ishuri ryabo kandi bigishwe n'umwarimu wo kuri iryo shuri abifitiye ubushobozi. Ivyigwa bimwe na bimwe bizokogwa nko mw'ishuri bavyita synchronous (umwarimu azoba yigisha abanyeshuri bamubona k'umurongo bakoresheje programa yitwa Microsoft Teams, kandi bashobora no kubaza ibibazo), hanyuma ibindi vyigwa, abanyeshuri bazoba bakora bonyene (asynchronous) ibikogwa mwarimu yabashiriye kuri Convas muri kompiyuta zabo.
- **Programa yo k'umurongo yiwa District QuEST**- Abanyeshuri bashigwa muri iyi programa iyo ishuri ryabo ridashoboye ubwaryo kubaha ivyigwa k'umurongo. Ico gihe abanyeshuri bazokomeza bandikwe muri iryo shuri ryabo ariko bigishwe n'umwarimu wa district abishoboye hakurikizwe umwaka w'ishuri n'ivyigwa vyawo. Hazokomeza habe ugukorana hagati y'uwo mwarimu wa district hamwe n'ishuri ry'umunyesuri kugeza umwaka urangiye. Abo barimu ba district bigisha ku murongo (QuEST teachers), nabo n'abakozi ba Knox County, bafise impamyabushobozi y'amashuri bigisha n'ivyigwa batanga. Abarimu bo ku murongo bazokwirikiza programa y'ivyigwa ya KCS nkuko vyateganijwe na state.

### IVYO ABANYESHURI N'ABAVYEYI BASABWA KU VYIGWA VYO KU MURONGO

#### **Ibisabwa k'umunyeshuri ngo yemeregwe kandi atangure**

- Abanyeshuri bahisemwo kwigira ku murongo bazokomeza bandikwe mu mashuri yabo muri KCS. Abanyeshuri bari baremerewe kwimukira ahandi bazokomeza bandikwe muri iryo shuri bari bemerewemwo.

- Kugira ngo ukwirikire ivyigwa k'umurongo, imiryango igomba kuzuza urupapuro rubisaba kandi bakemera ibisabwa vyose k'umunyeshuri n'umuvyeyi.
- Abanyeshuri bigira k'umurongo bagomba kuguma muri iyo programa igice ca mbere cose c'umwaka. Ntibazosubira kwigira kw'ishuri kugeza igice ca bibiri c'umwaka gitanguye.

### **Ibisabwa ku munyeshuri**

- Abanyeshuri, hamwe n'abavyeyi/abarezi, bazotegerezwa gukurikira ihugugwa rijanye no kwigira k'umurongo.
- Abanyeshuri bategerezwa gukurikiza itegeko rya KCS [J-260](#) ry'uko bambara (Dress code)
- Abo banyeshuri basabwa gukurikiza itegeko rya KCS [J-191](#) rivuga ivyo Kwitwara neza hamwe na Discipline, kuko abarimu n'abanyeshuri bisaba ko bakorera ahantu hatekanye kandi hiyubashe.
- Abanyeshuri basabwa gukurikiza itegeko rya KCS [I-220-3](#) iyo bari gukoresha tekinologi. Kwitwara neza iyo bari gukoresha kompiyuta, ntaho bitaniye no kwitwara neza iyo bari gukora iyindi mirimo y'ishuri. Abigira k'umurongo bose basabwe gukoresha kompiyuta na networks zayo mu buryo bwiza, bubereye, kandi bakwirikiza amategeko. KCS bafise uburyo bakurikirana ibikoregwa kuri kompiyuta zose.
- Abanyeshuri bigira k'umurongo bazokomeza gukurikiza ibintu vyose bisabwa biri muri iri tegeko rya KCS (Knox County Schools Procedure [I-220-3](#)). Kandi nibo bashinzwe ibizoba vyarugitswe muri kompiyuta zabo n'ibikogwa bikoregwamwo vyose. Gusangira canke kubwira abandi usernames na password vyawe birabujijwe.
- Kwikirika amategeko ya [digital citizenship](#), ya KCS asaba gukoresha kompiyuta nkuko bisabwa kuri buri mwaka w'ishuri umwana ugezemwo. Abanyeshuri bategerezwa kuja kuri Convas iminsi yose kandi bakaraba ivyo mwarimu abaha umunsi ku munsi. Abarimu bazobabwira amasaha baba bari muri office – nibura amasaha abiri ku ndwi.
- Abanyehuri basabwa kuba mu magenzurwa yose yo kuraba uko biga, uko batera imbere, no gukora ibindi bibazo vyose bisanzwe biteganizwe. (Abanyeshuri bashobora gusabwa kuza kw'ishuri ryabo gukora ivyo bibazo mu gihe vyateganirije)
- Abanyeshuri rero bazokwirikirana ivyigwa hamwe na mwarimu/ canke babikore bonyine kuri kompiyuta iminsi yose.
- Abanyeshuri bagomba gukurikira n'umwete ivyigwa bavugana na mwarimu k'umurongo.
- Abanyeshuri bagomba gutanga ivyo basabwe gukora nkuko mwarimu yabibabwiye. Ivyo gukora bizoja bitangwa neza nka rimwe mu ndwi ku gihe gisobanutse. (Akarorero: Kubitanga ku wa gatandatu sa sita z'ijoro)
- Nimba abanyeshuri bahawé ivyo gukora hanyuma bakamara iminsi 5 y'ishuri batabitanze kandi ataco bavuze, ubwo bazoca batsindwa muri ivyo bari babahaye. Nta manota babona.
- Abanyeshuri bagomba kuja kw'ishuri ku munsi wo gukora ibibazo bitegezwe gukogwa.
- Abanyeshuri bagomba gukurikira icigwa cose uko gitanzwe ntagusiba canke gusimbuka.
- Abanyeshuri basabwa gukurikira ivyigwa ku murongo mu buryo bubereye kandi bwubaka.
- Bwira ikibazo ugize ca kompiyuta ababishinzwe ba kuri Tech Help Desk ukimara kukigira.
- Abanyeshuri bagomba kugumana imyifato n'akamenyero vyiza vyo kugwira k'umurongo.

### **Uburyo bwiza bwo gukorera k'umurongo**

- Urabe neza aho uri gukorera hamwe n'ibintu bishobora kugaragara muri video muri kuvugana n'abandi, urabe ko nta mashusho, canke ibindi bintu bitajanye n' ivy'ishuri.
- Kuramwo ijwi igiye uri gukurikira hamwe n'abandi kuri video.
- Kuramwo ijwi igihe utari kuvuga kuri video.
- Itware neza, mu vyo ukora no muvyo uvuga vyose wubahe.
- Utege neza amatwi mwarimu ari kwigisha canke uwundi muntu wese ari kuvuga.

- Komeza ukurikire kandi ntusamare haba mu cigwa canke mu vyo mukora.
- Umeye neza ko ibikogwa vyose ari ivyawe wenyene. (Raba ibisabwa mu kwigira k'umurongo)

**Ibisabwa ku Bavyeyi:**

Kugira ngo umunyeshuri akore neza ivyigwa vyo k'umurongo, hagomba kuba ugukorana kwiza hagati y'umuvyeyi, umunyeshuri, n'umwarimu yigisha k'umurongo. N'itegeko ridakuka ko inumero zanyu nyazo mukoresha zigomba kuba ziri muri ASPEN. Abarimu bo k'umurongo bazohora bavugana kenshi n'abavyeyi. Ivyo abavyeyi bashinzwe urabibona aha hakurikira. Izi nshingano z'abavyeyi zigomba kwemegwa kandi zigakwirikizwa kugira ngo umwana ashobore gukurikira neza ivyigwa vy'amashuri ya Knox County k'umurongo.

- Umuvyeyi hamwe n'umwana wiwe azokwirikira ivyigwa ku murongo, bazosabwa kuza gukurikira ihugugwa ry'uko bikogwa kw'ishuri ry'umwana.
- Abavyeyi bategerezwa gukora programa ya buri munsi idakuka y'umunyeshuri, bagashiramwo n'umwanya wo kwiga k'umurongo.
- Abavyeyi bagomba gutegura ahantu hameze neza muhira ho kwigira, hatari ibibasamaza canke bikababuza kwiga (ibikoko vyo mu nzu, abandi bana, television, n'ibindi.)
- Abavyeyi basabwe kuja bararaba ibiri ku mirongo ya KCS (Convas na ASPEN) bakarabaho ivyo abana bagomba gukora hamwe n'amanota babonye.
- Abavyeyi basabwa kuraba ko umunyeshuri akurikiza amategeko ya KCS y'uko bambara ([J-260](#)).
- Abavyeyi bagomba gukurikiza itegeko ryo kubaha rya KCS bita Civility Code Policy [B-230](#).
- Kumanya neza ko umunyeshuri yubahiriza amategeko yo mw'ishuri n'ayo kwigira k'umurongo.
- Kuraba neza nimba umunyeshuri akwirikiza amategeko ajanye n'umwaka agezemwo, [digital citizenship](#), kubijanye no gukoresha kompiyuta.
- Kugumana uburyo bwiza bwo kuvugana na mwarimu (phone, email). Gujurikira inama zibiri k'umurongo muri buri gice c'umwaka hagati ya mwarimu n'umuvyeyi.
- Kumeya neza nimba umunyeshuri akomeza kuvugana na mwarimu n'abo bigana mu buryo bwiza (email, chat feature, etc)
- Kuvugana n'abarimu bafasha umunyeshuri muhira kandi akaba aribo acako kuvyo akeneye ku murango.
- Abavyeyi basabwa gushigikira uko umwana yiga neza, bakareka umunyeshuri agakora wenyene ivyo ashinzwe ariko bamukwirikirira hafi baraba ivyo akora.
- Abavyeyi basabwe gukurikira ko umunyeshuri akora imirimo bamuhaye akayitanga, nkuko yabisabwe na mwarimu.
- Abavyeyi basabwe kubwira mwarimu ako kanya ikintu cose canke ikibazo bagize.
- Abavyeyi bagomba kumenya neza ko umunyeshuri aja kw'ishuri igehe co gukora ibibazo bitegetswe/ amanama/ivyo bakeneye gukorera kw'ishuri vyose.
- Abavyeyi nibo bagomba kuraba uko baja gufata kw'ishuri kompiyuta, ibikoresho n'ibindi vyose bakenera, no gufata neza kompiyuta, ibikoresha n'ibindi vyose bakoresha kandi bakabisubiza kw'ishuri igeze co kubisubiza.
- Abavyeyi basabwa gukurikiza amategeko ya Leta n'aya State ajanye n'ibanga ry'umunyeshuri nay'itegeko bita FERPA rivuga ivy'uburenganzira bwabo n'agateka mu kwiga. Ibi harimwo ukudafata ivyigwa (recording) canke ivyo bari kwigishwa mu vyuma vyabo, no kudashira amafoto canke ama videos kuri social media.
- Abavyeyi basabwa gusoma, gusubiramwo, no gukurikiza itegeko Ngendekwako rya KCS (Knox County Schools Procedure [I-220-3](#))

### **Ibiranga inyigisho zo k'umurongo**

Abanyeshuri bakwirikira programa z'inyigisho z'amashuri ya Knox County zitangirwa ku murongo bagomba gukwirikiza amategeko y'ishuri kimwe n'abanyeshuri bahisemwo kwigira mw'ishuri, ivyo biraba amashuri yose ya middle na high. Ingingo n'agateka vy'ishuri vyose bigomba kubahirizwa. Abanyeshuri bose bigira k'umurongo bahitamwo gukopera ku bandi, kwandukura ivyo mu gitabu, canke gukoresha social media mu bikogwa bakora bazobona igihano kibakwiriye kandi abavyeyi bazobibwigwa igihe cose ikosa ryakozwe. Nimba ikosa rikomeje gukogwa, umunyeshuri ashobora kwambugwa ubureganzira bwo gukomeza kwigira k'umurongo. Musabwe gusoma igitabo c'ishuri ryiwe kugira ngo mubone ivyo musabwa n'ingaruka zavyo.

**Kwandukura mu gitabu (Plagiarism)**, ico bisobanura dukurikije igitabo ca Harbrace, 15th edition, "N'ugufata iviyumviro vy'uwundi, ubushakashatsi, canke uko abona ibantu, ukabifata nk'ivyawe utavuze aho vyavuye, naho woba wagerageje guhindura uburyo uvyanika."

1. Kwandukura vyose canke igice c'ivyo uwundi muntu yanditse;
2. Gukoresha amungane, amasanamu, canke ibigereranyo, utavuze aho vyavuye;
3. Gukoresha iviyumviro, inyandiko irangiza, canke ubushakashatsi bw'uwundi utavutse aho wabikuye;
4. Gukoresha inyandiko yose canke igice cayo, umuvugo, canke film utavuze izina ry'uwabikoze.

**Gukopera ku bandi (Cheating)** bisobanura gufata igikogwa c'uwundi muntu wese canke ukuye ahandi ukagikoresha nk'icawe.

### **INGARUKA ZO GUKORESHA IVYO ABANDI**

Gukoresha ivy'abandi n'uburyo bwo kwiba kandi ni fraud mu mashuri. Abanyeshuri bafashwe bakoresha ivy'abandi bashobora guhitamwo gusubiramwo ico gikogwa mu gihe bahawe kandi amanota bari babonye agafutwa canke bakemera kubona izero kuri ico gikogwa. Abavyeyi bagomba kuba barimwo mugufata icemezo.

Nimba ivyo basabwa batabikurikije, ingaruka zavyo zizoba igihano gitangwa hakurikijwe amategeko ya KCS n'ayari mu gitabo c'ishuri ry'umunyeshuri.

### **Kompiyuta/ Kuyikoresha nabi**

Gukoresha kompiyuta canke network mu buryo butemewe. Aha harimwo ibi bikurikira:

- Gukoresha ivangura moko, amagambo n'ibantu vy'urukozasoni
- Gukoresha network ku bintu vy'inayungu, vya politiki, canke ibikogwa vy'ubucuruzi
- Kugerageza konona canke kwica kompiyuta, ibikoresho vy'ayo canke ibantu vyose bikoregwamwo.
- Kugerageza canke ukabikora urungika ama messages y'ubwoko butandukanye.
- Gukoresha network kugira ngo ugere ku bintu bidakwiriye kurabwa
- Kubikora ubizi ugashira virus muri muri Kompiyuta canke muri network
- Gukoresha network utanga ama address canke ibindi bintu vyerekeye abandi bishobora gukoreshwia n'abantu babi mu buryo budakwiriye
- Kuja kuraba ibantu vy'uwundi, impapuro, amadosiye vyose vy'uwundi utamusavye uruhusa
- Gushwanyaguza, canke ubundi bugizi bwa nabi bwo konona canke bwo kwankiriza ibantu vya district canke ibikoresho, ibantu vy'uwundi biri muri sisiteme ya district, canke ayandi ma

agencies canke networks district yacu itemewe kujako. Kugira umugambi wo kwica no konona imikorere ya sisiteme ya district bishobora gufatwa nk'icaha co kurenga ku mategeko ya district, bikanashobora gufatwa nk'icaha gihanwa n'amategeko ya leta na state. Aha hashobora kubamwo vyinshi nko kuzana canke gukora virus zonona kompiyuta.

- Gukora ikopi canke kugerageza gufata ikopi ya messages ziza muri kompiyuta birabujije. Kugerageza gusoma, gusiba, gufata kopi, guhindura ibintu vy'uwundi muntu akoresha sisiteme canke ugacokoza ivyo abandi bantu bakoresha sisiteme bakora, barungika ibintu, ivyo birabujije. Gutegura gukora wabigambiriye, ugakora ama kopi, ugahindura impapuro z'ishuri n'izindi zemewe canke z'amafranga ukoreshheje uburyo bwa teknologi bwa district bishobora gufatwa nk'icaha co kurenga amategeko ya district kandi, gishobora no gufatwa nk'icaha gihanwa n'amategeko ya leta na state.

Kudakwirikizaaya mategeko yose bishobora kugira ingaruka yo gukugwa vy'agateganyo canke burundu mubaronka ivyigwa vya KCS k'umurongo.

#### **Kudasiba ishuri**

Abavyeyi n'abarezi bafise ububasha bahabwa na leta bwo gukwirikira abanyeshuri babo ngo bamenye ko bakurikira inyigisho k'umurongo ijana kw'ijana baraba uburyo batera imbere n'igihe bamara buri munsi bari kwiga. Nimba umunyeshuri hari iminsi atashoye gukurikira ivyigwa, urupapuro rwo kwa muganga canke urupapuro rw'abavyeyi rubisobanura rugomba gutanga kw'ishuri. Abanyeshuri bose bigira k'umurongo bakurikiza amategeko amwe kuvyerekeye kudasiba kimwe n'abanyeshuri bakomeje kwigira kw'ishuri. Musabwe kuraba itegeko ryitwa Attendance Policy ([J-120](#)) ry'inama y'ubuyozi bukur bw'amashuri bwa Knox County rijanye nivyo vyo kudasiba ishuri. Abanyeshuri bose bigira k'umurongo bazokurikiza karendari yemejwe n'inama nkuru BOE (Board of Education) kandi bagomba kwiga iminsi ingana n'iyo abanyeshuri bigira kw'ishuri biga.

#### **Abajanama b'ishuri**

Abajanama b'ishuri bakomeza gufasha abanyeshuri bahisemwo kwigira k'umurongo. Igihe umunyeshuri azoba yamaze gushigwa mubiga k'umurongo, bazohita bamuha n'umujanama wiwe. Kubera ko uwo munyeshuri azoba yanditse kuri iryo shuri, abavyeyi n'abanyeshuri bashobora guhamagara ishuri igihe cose bakeneye ko babafasha. Ariko, mumenye ko n'abajanama b'ishuri bashobora kuboneka muri ya Programa yo kwigira k'umurongo itangwa nadistrict bita District QuEST Program.

#### **Gukwirikira**

Abanyeshuri bose bigira kuri kompiyuta – canke k'murongo hamwe nabarimu ba district QuEST models - basabwa kuba bari ahantu bigira neza kandi bagakwirikira neza. Bazommenya uko umunyeshuri akurikira baravye umwete akorana ivyigwa. Nimba umunyeshuri adafise umwete - badakwirikira neza ivyigwa babona k'umurongo, badakora canke ngo bagerageze gukora ibikogwa babaha, bari inyuma indwi yose mu vyo bakora, badasubiza ivyo mwarimu ababwiye canke abahaye – izi ngingo zikurikira zizohita zifatwa.

1. Inama y'umuvyeyi/mwarimu/umwana- k'umurongo canke kuri phone – Ngo barondere ikibazo aho kiri
2. Nimba akomeje k'umurongo, umuvyeyi na mwarimu bakora programma y'indwi zibiri zo kumenya uko umunyeshuri agomba gufashwa kugirango ashobore gutsinda

#### **Abo ikingereza kitari kavukire**

Departement ya ELL iyemeje kwingisha abanyeshuri babo ikingereza c'abatangura bakorana n'abandi babafasha. Iki cigwa gishobora gutangigwa kw'ishuri nkuko gishobora gutangigwa k'umurongo.

Abanyeshuri bashobora gukoresha n'ubundi buryo bwo kuri kompiyuta bubafasha mu kwiga no

kumenya ururimi rw'ikingereza. Uko bazokwirikira iki cigwa kose (haba mw'ishuri canke k'umurongo), icigwa c'ikingereza kizotangwa hakurikije uko programa ya WIDA yabiteganije kandi bazobigisha bakwirikije urwego umunyeshuri wese agezeko.

Icongeye ku mategeko ya district, abanyeshurri ba ELL bazokomeza gufashwa ku buryo bukwiye kandi buborohereza mu vyigwa vyose. Kugira ngo tumenye neza ko kubafasha no kuborohereza bikoregwa abanyeshuru bakwirikije urugero bagezeko, abarimu babo bose bazoshobora gukoresha umurongo wa ELL watanzwe na district kugirango bakurikire uko abo banyeshuri batera imbere hanyuma bamenye uko babigisha.

Abanyeshuri bose bakiri muri Ell/ n'abandi babaye basonewe bose bazokwirikiza programa y'umwe wese aho ageze bita Individualized learning plan (ILP). Iyi programa bayikora bafatanije mwarimu wa ELL n'abandi barimu babigisha, bakwirikije n'ivyo abavyeyi bababwira, abanyeshuri n'abandi bakozi nimba bikenewe. Iyo programa ya ILP izobwigwa abarimu bose babigisha kandi bazoja bayisubiramwo nyuma y'indwi 4.5. Abavyeyi bashobora kubwigwa programa ya ILP y'umwana wabo, kandi bashobora no kuvugana ivyiyo programa n'uwbishinzwe, haba kuri email, telephone, canke mu nama bakoresheje video.

### **Programa y'ivyigwa**

Abana bo muri Kindergarten bazokwigira ku murongo amasaha 4.5 ku munsi. Kuva mu mwaka wa mbere kugeza mu wa gatanu, bategetswe gukwirikirana inyigisho kuri kompiyuta amasaha

7 ku munsi. Gukurikira k'umurongo harimwo: Abigana bose canke umugwi mutoya bakoresheje ico bita Microsoft Teams meetings, gukora umwe wese ukwiwe muri Convas, canke gukora muri mu mugwi kuri Convas (Synchronous canke asynchronous)

<b>Kindergarten</b>	<b>Igihe bimara</b>
Literacy	Amasaha 2.5
Encore	Iminota 30
Math	Isaha 1
Lunch	Iminota 30
Science/Social Studies	Iminota 30

<b>1<sup>st</sup> - 5<sup>th</sup></b>	<b>Igihe bimara</b>
Literacy	Amasaha 2.5
Encore	Iminota 45
Math	Isaha 1
Lunch	Iminota 30
Science/Social Studies	Iminota 60
Gukina	Iminota 30
Igihe bongerako co gukina	Iminota 15

## **IBIBAZO BAKORA N'AMANOTA**

Abarimu bazotanga ibibazo bitandukanye kugirango bamenye ko umunyeshuri yasobanukiwe icigwa. Ibibazo bishobora gukogwa baganira, canke bakora imishinga, canke mwarimu abaha utubazo two kuraba ko basobanukiwe

### **Guteba gutanga ibikogwa wahawe**

Ibi bikurikira biravuga uko bigenda iyo umunyeshuri yigira ku muronga yatevye gutanga ivyo bamuhaye gukora. Nimba watevye kubirangiza, usabwe kubwira mwarimu wawe.

- Ibikogwa birengeje indwi zibiri nyuma y'itariki yatanzwe na mwarimu bishobora kutemegwa.
- Iri ritegeko riraba abadasanzwe bacegwa mu bikogwa vy'ishuri. Guhora umuntu atanga ivyo akora atevye vyo ntivyemewe namba!

Abanyeshuri ntibibaze ko umwarimu azoja yakira ibikogwa vyabo bakerewe ataco bamubwiye mbere ngo abemerere. Rimwe na rimwe, hari ibidushikira tudafiseko ububasha, ni nk'indwara, ibirere bihinduka, ingorane mu muryango, n'izindi mpamvu zikomeye, ivyo nivyo vyonyene bidakwirikiza iri tegeko. Nimba ibi bigushikiye, bwira mwarimu wawe. Igihe cose ugerageze wigore uko ushoboye usobanurile mwarimu mbere yuko utanga igikogwa c'ishuri ucerewe, canke ugaca ubikora vuba igihe ubishoboye. Guhora utanga ivyo ukora utevye bizokuviramwo kubona amanota makeye.

Gukora ibikogwa atakoze (making-up assignments). Nimba umunyeshuri vyamushikiye kubera impamvu iyariyo yose, yaba afise uruhusa canke atarufise, agasiba iminsi igeze kuri cumi (10), iyo agarutse kw'ishuri, baramwemerera agakora ivyo atashoye gukora vyose muri iyo minsi atari kw'ishuri. Ariko agomba kubisaba bitarengeje iminsi itatu (3) agarutse kw'ishuri. Abarimu bamushakira igihe ciza co kubikora. Iyo atabisavye muri iyo minsi itatu (3), bimuviramwo kubura amanota y'ivyo bikogwa.

### **Uko bari kwiga/impapuro z'amanaota**

Umwana wese agomba kubona urupapuro rw'amanota nyuma y'indwi icenda. Abana bafashwa babakwirikirana ku giti cabo, n'abafise IEP, bazoronka urupapuro rw'amanota rwerekana aho bageze muvyo bateganije mu nama ya IEP. Abarimu babigisha bazobaha amanota ya music, physical Education na art mbere y'ayandi. Amanota y'uko bari kwiga tuzoja tuyarungika muhira nyuma y'indwi 4 ½.

### **Ubufasha mu kwiga (Abafise impano n'abazi ubwenga, Inyigisho idasanzwe, 504)**

#### **Inyigisho idasanzwe**

- Department yacu yariyemeje gutanga imyigisho y'ubuntu kandi ikwiriye yo gufasha abanyeshuri bafise ingorane z'ubumuga. Muri iki gihe c'ingorane y'ikiza, tuzokomeza dukorane n'imiryango kugira dufashe abanyeshuri bacu kandi dukurikiza ingingo duhabwa n'abashinzwe kubungabunga amagara y'abantu. Nimba umuryango uhisemwo programa yo kwigira k'umurongo k'umunyeshuri wabo, tuzokorana nabo kugira ngo dushobore kubagezako ivyo bakeneye vyose. Umunyeshuri wese agomba kumenya ivy'iyi programa yo k'umurongo. (Raba biri ku mpera, appendix... attach Virtual Delivery Plan)
- **Inama z'abigishwa ku giti cabo, (Individual Educational plan (IEP) Meetings):** Amashuri ya Knox County azokomeza guha imiryango uburyo bwiza bwo gukomeza gukorana nabo mu vya IEP. Abakozi bazokomeza gukorana n'imiryango kugira barabe igikwiriye nimba inama zokoregwa k'umurongo canke bari kumwe. KCS izokomeza ishira imbere icifuzo c'abavyeyi ariko kandi ikwrikiza amatego n'ingingo z'ababungabunga amagara y'abantu.

- **Uko inyigisho zidasanzwe zizotangwa hamwe n'ivyo bijanye** Abarimu hamwe n'abantu babitegura bazokorana n'imiryango bashize imbere ko bagomba gukurikiza inyigisho rusange itangwa n'amashuri banafasha umunyeshuri gukora agamije gushika ku ntego bamuteguriye mu nama ya IEP. Uko bafasha abanyeshuri umwe wese ku gitit ciwe, bazobikorana n'imiryango.
- **Kubafasha no Kuborohereza:** Kubafasha no kuborohereza bizokogwa aho bazoba bari kwigira hose. Umugwi wabagize IEP bazokorana kugira ngo bagene uburyo bwiza bwo kubafasha no kuborohereza muri programa yo k'umurongo. Abarimu basanzwe n'abigisha abanyeshuri ba IEP bagomba kuguma bakorana n'imiryango kugira bamenye neza nimba uko kubafasha no kuborohereza bijanye n'inyigisho yo k'umurongo.
- **Gufasha abavyezi nk'abayobozi (Coaches)mu nyigisho:** Abayobozi b'isburi n'abrimu bazotanga ihugugwa babafashe muri ubu buryo:
  - Gukoresha tekinoloji, kompiyuta ku munyeshuri no kumenya inyigisho yo k'umurongo
  - Guha umunyeshuri ubufasha no kumworohereza bikwiranye kandi bimufasha kwiga
  - Gukoresha ibintu vyo gufasha bifatika ashobora kubona
  - Gufasha mu ndero hakoreshejwe uburyo n'ubuhanga bwubaka

#### **Igice ca 504**

Department yacu yi yemeje guha uburyo bwo kwiga abanyeshuri bafise ubumuga bw'umubiri n'ubwo mu mutwe. Muri iki gihe c'ingorane y'ikiza, tuzokomeza gukorana n'imiryango kugira duhe abanyeshuri bacu ivyo bakeneye kandi dukurikiza ingingo duhabwa n'abashinzwe kubungabunga amagara y'abantu. Igihe icemezo kijanye no kwiga/n'amagara kizoba cafashwe, tuzokorana n'abanyeshuri n'imiryango yabo kugira ngo dukore programa ibakwiriye n'ibindi bikenewe. Department yacu izokorana n'amashuri kugira ngo tumenye neza ko abanyeshuri bose bemerewe kwiga nta vangura rihari nkuko bivugwa mu gice ca 504 c'itegeko rya Rehabilitation Act of 1973.

- Amashuri ya Knox County azokomeza guha imiryango uburyo bwiza bwo gukorana bubahiriza ibiri mu gice ca 504. Abakozi bazokorana n'imiryango mu kuraba inyigisho ikwiriye haba k'umuromgo canke mw'ishuri. KCS izoshira imbere ico umuvyeyi yemeje ikwirikiza ingingo z'abashinzwe amagara y'abantu.
- **Uko inyigisho no gufasha bizokogwa:** Abarimu n'aba menagers bazokorana n'imiryango kugira bakwirikire inyigisho ngendegwako banafasha umunyeshuri kwiga neza no gutera imbere. Ivyo bazomukorera bazobitunganya hamwe n'imiryango bakurikije umwe wese ubimukwiriye.
- **Uko babafasha:** Ugufashwa bigomba gukogwa aho boba bigira hose. Umugwi wabagize igice ca 504 bazokorera hamwe kugira ngo barabe icokogwa igehe aho bamushize hatamumereye neza canke atari kuhakorera neza.

#### **Ibibazo vy a State**

Abanyeshuri bose bigira k'umurongo basabwa gukora ibibazo vy a state bijanye n'umwaka w'ishuri barimwo baravye n'ivyigwa biga. Ibibazo vyose vy a state bizokoregwa kw'ishuri, ku gihe cagenwe n'ishuri bitarengengeje igehe bahawe kuriivyo bibazo. Mu bibazo vy a state harimwo Aimseb benchmarks, TNReady, EOCs, n'ibindi.